



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 7YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA 2017  
LAN: NEW YORK PWAL RANFÒSE JEFÒ L AP FÈ POU SEVI KONT MOUN K AP  
VÒLÈ SALÈ**

***Yon Nouvo Lwa Pwal Rann LLC ki Andeyò Eta a Responsab Lè yo Refize Peye  
Salè ki Jis Bay Anplwaye nan New York***

***Komisyònè Travay Leta a ap Gen Plis Otorite pou Li Pase Lòd Alankont Mèt  
Biznis ki Vòlè Salè Travayè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a yon seri mezi yo pwal pran pou ranfòse jefò New York ap fè pou sevi kont moun k ap vòlè salè.

Nouvèl pwopozisyon sa a pwal chanje lwa Leta a, pou pèmèt li mennen 10 manm ki nan tèt sosyete-ak-responsabilite-limite (LLC) ki andeyò eta a devan lajistis pou yo responsab pèsònèlman e finansyèman lè gen salè ki pa peye. Kòporasyon ki andedan e andeyò eta a, epi tout LLC ki andedan eta a, deja gen responsabilite sa a. LLC ki andeyò eta a pwal gen responsabilite sa a tou. Epitou, Gouvènè a pwal met sou pye lwa ki pou bay Komisyònè Travay la otorite pou li pran ka tout responsabilite nan kad salè yo dirèkteman, onon travayè ki fè reklamasyon poutèt yo pa peye yo. Lè yo mete tout mezi sa yo ansanm, sa va mete plis lajan nan men moun New York ki travay di e ki merite sa.

“New York pran angajman pou asire li dèske moun ki travay pou sa jwenn lajan yo merite. Nou pap tolere ankenn moun k ap eseye esplwate travayè yo e refize ba yo lajan yo dwe yo,” **Gouvènè Cuomo di.** “Grasa pwopozisyon sa a, kèlkeswa kote moun malonèt sa yo eseye kache, y ap gen pou pran ka obligasyon yo genyen anvè moun New York k ap travay di.”

Prezantman, Lwa Travay eta a (State Labor Law) pa pèmèt Depatman Travay New York (New York State Department of Labor) jije 10 pwopriyetè ki nan tèt nenpòt ki kòporasyon oswa LLC, etranje oswa domestik. Sa ki pi mal la, anpil travayè ap tann lajan yo dwe yo poutèt konpayi yo fè bankwout, kreye lòt biznis, oubyen kache byen yo lòt fason. Nan mwa Septanm 2016, te gen 5,306 moun yo dwe \$67.8 milyon dola pou salè yo vòlè an 2014, 2015 e 2016. Moun sa yo pa ka jwenn lajan sa a poutèt fay ki genyen nan sistèm nan.

Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, New York remèt plis salè yo te vòlè, pase sa li janm remèt anvan. An 2014, Depatman Travay eta a rasanble yon kokennchenn montan \$30.2 milyon e distribye li bay 27,000 travayè – se yon ogmantasyon 35 pousan parapò a fon yo te re pran ane anvan an.

Nan kad priyorite administrasyon li an ap bay pwoteksyon travayè, nan ane 2015, Gouvènè Cuomo lanse Inite Operasyon kont Esplwatasyon Travayè (Exploited Workers Task Force) pou derasinen pwoblèm esplwatasyon travayè nan diferan endistri Eta New York. Premye ane li, Inite Operasyon an te mande 1,547 biznis peye prèske \$4 milyon bay plis pase 7,500 travayè nan kad salè ak dedomajman yo te dwe. Inisyativ sa a, ki pou te pwoteje travayè yo, te pèmèt Eta New York rekouvri yon gwo montan lajan an 2015. Li te remèt \$31.5 milyon dola bay 28,000 travayè pou salè yo pat peye yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418